Bhaibheri re vana
Rikukupai

Mwari anoyedza rudo rwaAbhurahama

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus Alastair P.
Rakatorwa na: M. Maillot; Tammy S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Umwe husiku,
Mwari
akarayira
Abhurahama.

Mwari akanga
achiyedza
Abhurahama, ...

... achida
kuona aida
mwanakomana
wake kudarika
Mwari here.

Akanzi, “Chitora
mwanakomana
Isaka uende
kunomupira
somupiro.”

Kupa Isaka somupiro? Izvi zvakanga zvakaomera Abhurahama nokuti akange aine rudo rukuru nomwana wake.

Asi Abhurahama akatenda Mwari, kunyange akanga asinga nzwisisi.

Mangwanani, Abhurahama,
Isaka nemajaya ake
maviri vakaenda
kugomo romupiro.

Asati aenda,
Abhurahama
akatsemura huni
dzokugadzira
moto womupiro.

Abhurahama akanga achida kuteerera Mwari.


Mushure mokunge
mazuva matatu
apfura,
vakasvika
pedyo
negomo.

Abhurahama
akataura kumajaya ake
akati, "Imi chigarai henyu
pano, ini nomwana tichaenda
kunonamata,
tigodzokera
kwamuri."

Isaka akatakura huni; Aburahama akatakura moto-nebanga.

Isaka akabvunza akati, “Ko hwayana yemupiro iripi?”

Abhurahama akapindura akati, “Mwari achatipa gwayana remupiro.”

Vakasvika panzvimbo chaiyo yakanga yasarudzwa naMwari.

Abhurahama
akavaka aritari
akagadzira huni
dzokupisa mupiro
pamberi paMwari.

Abhurahama
akanga avaka
maaritari mazhinji
asi iyi yakanga
yakaoma kuvaka.

Abhurahama akasunga
Isaka akamuisa paaritari
pamusoro pehuni.

Zvokwadi, Abhurahama akanga achateerera Mwari achipira Isaka mwanakomana mumwe chete waidisisa zvakanyanya here?


Hongu!
Abhurahama
akasimudza
banga achida
kubaya
mwana wake.

Moyo wake
wakarwadziwa
asi akaziva kuti
anofanira
kuteerera
Mwari.

Ipapo
ngirozi
yaMwari
yakati, ...

... “Mirai!
Nokuti
ndinoziva
kuti unotya
Mwari, ...

... hauna
kundinyima
mwanakomana
wako mumwe
chete."

Abhurahama
akasimudza
musoro wake, ...

... akatarira ndokuona
hondohwe yakanga
iri musango.

Zvichida Isaka akafun-
ga kuti, “Mwari vatipa
hwayana sezvakanga
zvataurwa nababa.”

Pavakanga vachinamata,
mutumwa akataura
naAbhurahama akati, ...

... “Ndunzi dzose dzenyika
dzicharopafadwa muvana
vako nokuti vateerera
inzwi rangu.”

Nerimwe zuva Jesu akanga achazvarwa mudzinza raAbhurahama.

Abhurahama naIsaka vakadzokera kumba. Nguva shoma ichinge yapfura, kusuwa kwakauya.

Sara akanga afa. Abhurahama akanga arasikirwa nomudzimai wake uye Isaka akanga arisikirwa naamai wake.

Mushure
mokunge rufu
rwapera, Abhurahama
akatuma muranda wake aiva ...

... mukuru
weimba yake
kunotsvagira Isaka
mukadzi.

Muranda
akaenda kunyika
yaAbhurahama kunotsvaga
mukadzi pakati pehama
dzaAbhurahama.

Muranda akakumbira Mwari chiratidzo. Akati, "Musikana achapa ngamera dzangu mvura yokunwa ndiye chaiye waIsaka."

Ipapo, Rabheka akasvika akapa ngamera mvura. Akanga ari hama yaAbhurahama.

Muranda akaziva kuti Mwari akanga adavira munamato wake.

Rabheka akasiya mhuri yake achienda kunoroorwa naIsaka.

Akanyaradza Isaka uyo akanga afirwa naamai vake. Isaka aida Rabheka zvikuru.

Mwari anoyedza rudo rwaAbhurahama

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 22-24

“Mazwi enyu anotipa kuchena.”
Mapisarema 119:130

Magumo

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteererereyi, ndirarame semwana wenyu.
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari
mazuva ese. Johane 3:16